

RINGKESAN

Setya Fathul Awaliyah, 2019 *Pangenalan Hama Sarangga dina Watang Bako*. *Pengawas Pertama:* Dr. H. Riandi, M.Si. *Sareng pangawas kadua:* H. Dadi Setia Adi, M.Si., Ph.D.

Hama Sarangga mangrupakeun sakumpulan makhluk hirup nu nyerang pepelakan budidaya kaasup bako, panalungtikan ieu tujuanana keur nganyahokeun jenis jeung jumlah hama sarangga anu nyerang watang pepelakan bako. Metode panalungtikan nu dipake nyaeta deskriptif jeung desain “random sampling” dipigawe dina saluas 50x50 meter nu dibagi dina kajeroan 5 kuadran. Tiap kuadrana ditandaan ku tali panjangna 10x10 meter. teknik “pencuplikan sampel” ngagunakeun metode “insect net, hand sorting jeung pit fall trap” data utama nu dicokot nyaeta data jenis jeung jumlah hama sarangga nu nyerang watang kana pepelakan bako. Data panunjang nu diukur nyaeta faktor sabudeureun (suhu udara, suhu taneuh, kalambapan udara, intensitas cahaya jeung darajat keasaman). Hasil “sampel” tina panalungtikan dipangenalan di Laboratorium Biologi FKIP Universitas Pasundan. Hasil anu kahontal aya 77 individu nu kaasup kana 1 “spesies”, 1 “ordo”, 1 “famili”, jeung 1 “genus”. Spesies eta mangrupakeun hama utama tinu sok nyerang watang pepelakan bako nyaeta mangaruh kana kaayaan spesies hama sarangga, rata-rata suhu udara 27.29°C, rata-rata suhu taneuh 30.63°C, rata-rata kalembapan udara 64.87%, rata-rata darajat kaasaman 69.25%, jeung rata-rata intensitas cahaya 7793 “Lux”.

Kata konci: Pangenalan, hama serangga watang, bako tutuwuhan.